

GRIP



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES
Division of Public Health

N AP PWOTEJE GRANMOUN YO AK LÒT MOUN FRAJIL YO

Grip kapab pi sevè sou granmoun yo ak lòt moun ki frajil yo. Se poutèt sa li enpòtan pou nou pran plis prekosyon. Vaksen kont grip kapab anpeche maladi a, epi tou yo kapab fè li mwens sevè si ou pran grip la. Sa vle di ou ap bezwen pase mwens tan entène lopital ak mwens jou malad anba yon grip. Pou jwenn enfòmasyon sou grip oswa kote ou ka ale pou pran vaksen, vizite sitwèb www.flu.delaware.gov oswa rele nimewo 1-800-282-8672.

Pou Pwoteje Granmoun yo ak Popilasyon ki Frajil yo

- **Asire ou tout fanmi ou pran vaksen kont maladi a.** Genyen vaksen disponib nan klinik Depatman Sante a, doktè, famasi, ak plizyè makèt.
- **Si ou ap resevwa tretman nan yon sant swen pandan lontan oswa lakay ou,** mande si anplwaye yo te resevwa vaksen kont grip. Epi si yo pa te resevwa li, anplwaye yo sipoze toujou mete yon mask.
- **Limite vizit lakay ou oswa nan yon sant si moun k ap vizite ou a poko genyen 16 an,** genyen grip, oswa genyen risk pou pran kontak ak grip. Yon moun kapab pase yon lòt moun maladi a avan li menm montre sentòm.
- **Si ou ap viv ak yon granmoun epi yon fanmi pran grip la,** kenbe de moun yo lwen youn ak lòt nan mezi li posib epi asire ou tout moun nan kay pran prekosyon ijèn.
- **Lave men nou souvan ak savon** oswa likid pou dezenfekte men ki fèt ak alkòl, sitou apre ou fin touse, etènye, oswa touche figi ou.

- **Kouvri bouch ou ak yon ti mouchwa papye** lè ou ap touse oswa etènye epi jete mouchwa a touswit. Si ou pa genyen yon ti mouchwa papye, touse oswa etènye nan pati anndan koud bra ou. Ti gout larim ki soti nan gen ou lè ou etènye ka vwayaje nenpòt sis pye.
- **Rete lakay ou lè ou malad** epi pa tounen nan travay oswa lekòl jiska 24 èdtan apre fyèv la pase
- **Kontakte yon pwofesyonèl swen sante touswit** si sentòm grip yo parèt.
- **Yo kapab bezwen ba ou medikaman kont viris** la pou ede bese fòs maladi a ak kantite tan li rete sou ou, men yo mache pi byen si ou pran yo bonè.

An plis granmoun yo, lòt moun ki pi frajil se timoun piti, fanm ansent ak moun ki te fenk akouche, ak moun ki gen lòt maladi an plis grip la, tankou kansè, maladi nan poumon, maladi kè, dyabèt, ak moun sistèm defans yo fèb. Gwoup sa yo dwe pran prekosyon sa yo tou.

Sentòm grip gen ladan fyèv, tous, gòj fè mal, nen koule oswa nen bouche, kò fè mal, tèt fè mal, frison, ak fatig.



Vaksinasyon : pwoteje youn ak lòt.